



1^{re} fevriye 2019

Chè paran,

Nou ekri w pou nou fè w konnen semèn 11 fevriye rive 15 fevriye 2019 se **Semèn Respè pou tout Moun** nan tout lekòl leta Vil Nouyòk. Nou pa tolere agresyon, ladan agresyon sou entènèt (cyberbullying), entimidasyon ak lòt arasman ki baze sou prejije nan lekòl nou yo ni nan kominote nou yo, epi nou tout bezwen travay ansanm pou rezoud pwoblèm sa a. Pou inisyativ enpòtan sa a, Depatman edikasyon ap travay nan tèt ansanm avèk Konsèy Vil Nouyòk, ak Federasyon pwofesè reyni (United Federation of Teachers, UFT), ak Konsèy sipèvizè ak administratè lekòl (Council of School Supervisors and Administrators, CSA), ansanm avèk lòt asosye nan kominote a pou ogmante sansibilizasyon osijè divèsite ak ankouraje respè pou youn lòt.

Se premye priyorite pou nou tout pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote pa gen agresyon, entimidasyon ak/oswa diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin kote moun soti, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks yo, preferans seksyèl oswa andikap. Nòm entèkansyon ak mezi disiplin Vil la (*Citywide Standards of Intervention and Discipline Measures*) ak Règleman Chanselye A-830, A-831 ak A-832 konsidere pwoblèm sa yo.

Semèn Respè pou Tout Moun lan la pou kontinye konsantre sou enpòtan ki genyen pou ankouraje respè pou divèsite ak kreye klima lekòl ki konsidere tout moun, pou tout elèv ak lòt manm kominote lekòl la santi yo an sekirite ak yo respkte yo. Rive nan dat sa a, gen plizyè pwofesè, kowòdonatè paran ak lòt estaf ki resevwa trening sou Respè pou Tout Moun. Nou te distribiye bwochi ak kat ba tout elèv epi lekòl yo te chwazi youn oswa plizyè lyezon pou Respè pou Tout Moun; yo idantifye lyezon sa yo nan afich ki sou mi nan lekòl la.

Nou tout rankontre avèk pwoblèm respè chak jou. Aprann timoun yo respekte lòt moun se responsablite nou tout. **Pandan semèn sa a, nou mande chak moun pou ranfòse mesaj Respè pou Tout Moun ke elèv ap tande nan lekòl la – ke tout elèv merite yo trete yo avèk respè, epi agresyon, arasmanm entimidasyon ak diskriminasyon pa gen plas yo nan kominote lekòl nou an.** Si w gen kesyon konsènan semèn Respè pou Tout Moun lan, pa ezite kontakte direktè lekòl ou a oswa lyezon Respè pou Tout Moun lan, oswa voye youn imèl nan RespectForAll@schools.nyc.gov.

Mèsi pou sipò w ap kontinye bay nan edikasyon pitit ou. Tanpri konnen ke DOE, Konsèy Vil la, UFT ak CSA mete tèt yo ansanm nan angajman nou pran pou ankouraje respè pou divèsite ak anviwònman aprantisaj ki konsidere tout moun, pou tout elèv; epi n ap fè tou sa nou kapab pou nou fè semèn Respè pou Tout Moun lan youn siksè.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza, Chanselye
Depatman edikasyon

Corey Johnson, Pòtpawòl
Konsyèy Vil Nouyòk

Michael Mulgrew, Prezidan
Federasyon pwofesè reyni

Mark Cannizzaro, Prezidan
Konsèy sipèvizè ak administratè lekòl

Mark Treyger, Prezidan komite
Komite edikasyon konsèy Vil Nouyòk